

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



Nama :

No :

ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER GENAP
MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL
TAHUN PELAJARAN 2025/2026

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari / Tanggal	:
Kelas	: IV (Empat)	Waktu	:

I. Pilihlah salah siji wangsulane kang bener!

- Salah sawijining tembang kang prasaja lan lumrahe ditembangake dening bocah-bocah cilik ing padésan sinambi dolanan bebarengan, yaiku ...
 - tembang macapat
 - tembang gedhe
 - tembang kreasi
 - tembang dolanan
- Tuladhane tembang dolanan yaiku ...
 - Gambuh
 - Gajah-gajah
 - Kinanthi
 - Pocung
- Salah sawijine titikan tembang dolanan, yaiku ...
 - ukarane dawa-dawa
 - cengkok utawa lagune angel
 - ukarane cekak lan prasaja
 - ukarane endah lan angel
- Tembang dolanan iku ditembangake sinambi ...
 - upacara
 - lomba
 - hiburan
 - dolanan
- Tembang “Jaranan” ngemot tema bab ...
 - tetanduran
 - sato kewan
 - panganan
 - lingkungan


6. Tujuan utama isine tembang dolanan sejatine kanggo menehi piwulang marang bocah-bocah ngenani
- a. katrampilan
 - b. ilmu pengetahuan
 - c. budi pakarti
 - d. lingkungan
7. Tuladhane nilai budi pakarti ing tembang dolanan yaiku
- a. astane sedheku
 - b. gembelengan
 - c. mesem ngguyu
 - d. welas asih

Tembang dolanan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon angka 8 – 12.

Jago Kluruk

Ing wayah esuk, jagone kluruk
Rame swarane pating kemruyuk
Wadhuh senenge sedulur tani
Bebarengan padha nandur pari
Srengenge nyunar kulon prenahe
Manuke ngoceh ana wit-witan
Pating cemruwit rame swarane
Tambah asri donya saisine

8. Srengenge nyunar ... prenahe.
- a. etan
 - b. kidul
 - c. kulon
 - d. lor
9. Jago kluruk wayah
- a. sore
 - b. esuk
 - c. awan
 - d. bengi
10. Tembang ing dhuwur iku dumadi saka ... gatra
- a. 7
 - b. 8
 - c. 9
 - d. 10

- 
11. Manuk ngoceh ana ing
- a. kurungan
 - b. sawah
 - c. wit-witan
 - d. papringan
12. Nilai budi pakarti saka tembang “Jago Kluruk” yaiku
- a. gotong royong
 - b. jujur
 - c. mandhiri
 - d. kurmat-kinormatan

II. Pilihèn loro wangsulan kang paling bener!

13. Titikan tembang dolanan yaiku
- a. nggunakake tembung kawi
 - b. cakepane dawa
 - c. asipat seneng lan regeng
 - d. basane prasaja
14. Tembang dolanan ngemot piwulang kang becik, yaiku
- a. kajujuran
 - b. tresna asih
 - c. umuk
 - d. goroh
15. Ing ngisor iki sing klebu tuladhane tembang dolanan yaiku
- a. Gajah-gajah
 - b. Sinom
 - c. Kupu-kupu
 - d. Pangkur
- 
- 



III. Wenehana tandah centang (v) ing kolom Bener utawa Salah kanggo saben pranyatan ing ngisor iki!

No	Pranyatan	Bener	Salah
16.	Dhelikan iku salah sawijine tuladha dolanan tradhisional kang nggunakake tembang dolanan		
17.	Tembang dolanan lumrahe ditembangake bocah-bocah nalika padha dolanan		
18.	Tembang dolanan ora ngemot piwulang, amung kanggo panglipur wae		
19.	Tembang dolanan lumrahe prasaja lan gampang diapalake		
20.	Tuladhane tembang dolanan yaiku tembang Khinanti		

IV. Jodhokna pranyatan ing ngisor iki karo wangsulane kang trep!

21.	Tembang kang nduweni sipat gecul lan seneng ☐	☐	slendro lan pelog
22.	Jinise laras gamelan ☐	☐	tembang dolanan
23.	Ukara ing tembang dolanan ☐	☐	Prasaja lan gampang dimangerteni
24.	Cengkok lan wilet sajrone tembang dolanan ☐	☐	samdya
25.	Tembang kang nyritakake nalika dolan ing segara ☐	☐	Prau Layar